

Lè W Ap Vizite Anplasan Nou Yo

Mass General Brigham konprann ke vizitè ak moun ki bay sipò yo jwe yon wòl enpòtan nan sante ou ak byennèt ou. Sekirite pasyan nou yo, manm pèsònèl nou yo, ak kominote nou an enpòtan anpil pou nou. Nou te mete règ pou vizitè nou an ajou nan 6 jiyè 2021. Tanpri, li sa anvan ou rive nan etablisman nou yo.

Tout moun ki gen entansyon vin vizite ak moun k ap bay sipò (tankou patnè pou ede ak akouchman, paran/moun k ap bay swen pou pasyan ki timoun, avoka pasyan, ak moun yo dezinyen pou bay sipò pou pasyan ki gen andikap yo) dwe ale sou sitwèb etablisman an menm pou l ka li dènye règleman yo anvan li eseye vin vizite.

Tout vizitè ak moun k ap bay sipò oblije satisfè **kondisyon** yo ki anba a.

- **Brigham and Women's Hospital**
- **Massachusetts General Hospital**
- **Brigham and Women's Faulkner Hospital**
- **Cooley Dickinson Hospital**
- **Martha's Vineyard Hospital**
- **Mass Eye and Ear**
- **McLean Hospital**
- **Nantucket Cottage Hospital**
- **Newton-Wellesley Hospital**
- **Salem Hospital**
- **Spaulding Rehabilitation Network**
- **Wentworth-Douglass Hospital**

Pou moun k ap vizite pasyan ki entène yo

Depi nan 6 jiyè, lopital Mass General Brigham yo te otorize pou gen de (2) vizitè OSWA moun k ap bay sipò pou chak pasyan pa jou. Sa vle di pasyan ki entène yo ka resewa de (2) vizitè: de (2) moun k ap bay sipò; oswa yon (1) vizitè ak yon (1) moun k ap bay sipò.

Nan kèk sikonstans, etablisman yo ka bezwen mete restriksyon sou vizit yo.

Pou moun k ap vizite pasyan ekstèn yo

Depi nan 15 jen, se yon (1) vizitè oswa moun k ap bay sipò yo otorize nan zòn ekstèn yo (zòn pou pasyan yo p ap entène nan lopital la, pa egzanp, nan sal dijans la, sal pou fè operasyon chirijikal oswa lòt pwosedi, oswa klinik yo.

Tanpri sonje ke nan kèk sitiyasyon, nou ka oblije limite kantite vizitè yo pou asire sekirite pasyan yo ak manm pèsònèl la.

Tout vizitè ak moun k ap bay sipò oblije satisfè **kondisyon yo** ki anba a.

Kondisyon pou tout moun k ap vizite ak moun k ap bay sipò yo

- Tout vizitè ak moun k ap bay sipò yo pral sibi depistaj pou wè si yo gen sentòm enfeksyon COVID-19 yo (lafyè, tous, souf kout, gòj fè mal, frison, doulè nan misk, oswa si moun nan fenk vin pa ka pran gou oswa sant). Yo p ap kite okenn moun ki gen nenpòt sentòm antre nan etablisman an. Yo p ap kite vizitè ak moun k ap bay sipò ki gen enfeksyon COVID-19 aktif antre. Nan jou vizit la, vizitè ak moun k ap bay sipò yo ka itilize **zouti Depistaj Anvan Mass General Brigham** la oswa fè yon depistaj konplè an pèsòn.
- Tout vizitè ak moun k ap bay sipò yo **dwe mete yon mask etablisman an bay** tout tan yo nan etablisman nou yo; yo p ap aksepte moun mete okenn mask oswa lòt ekipman pou pwoteksyon ki pa soti nan lopital la. Tout vizitè ak moun k ap bay sipò oblije pwòpte men yo lè y ap antre nan etablisman an.
- Yo p ap pèmèt vizitè ak moun k ap bay sipò yo si vizit la te ka poze yon gwo risk nan kontwòl enfeksyon pou pasyan yo, vizitè a, oswa manm pèsònèl.
- Yo kapab mande vizitè ak moun k ap bay sipò ki pa kapab konfòme yo kite etablisman an.

Mizajou 16 septanm, 2021

